

I-95 Stamford

Etid sou Lyen ki genyen ant Planifikasyon
ak Anviwònman



Apèsi Pwojè a

Depatman Transpò Connecticut (Connecticut Department of Transportation , CTDOT) la ap fè yon etid sou Lyen ki genyen ant Planifikasyon ak Anviwònman (PEL) pou chèche fason pou diminye anboutejay sou I-95 ant Echanj wout 7 - 9 osi byen ke konsèp pou ranplase pon I-95 la ki pase anlè Metro-North Railroad ak Myrtle Avenue.

Poukisa Etid sa a ap fèt?

Pon I-95 la, ki konekte otowout la anlè Metro-North Railroad ak wout lokal yo nan Vil Stamford la prèske rive nan limit li epi yo dwe mete solisyon sou pye pou pèmèt yo ranplase I. Anplis de sa, aliyman I-95 la ak ranp aksè pou randre ak sòti nan Stamford ki twò kwense yo kontribye nan anboutejay ki genyen chak jou ak nan gwo pouvantaj aksidan ki fèt yo.

Kisa Etid sa a pral fè?

Etid I-95 Stamford PEL la pral egzaminen opsyon ki genyen pou ranplase pon I-95 ki pase anlè Metro-North Railroad ak Myrtle Avenue, diminye anboutejay jeneral nan twonson I-95 ant Sòti 7 ak 9, satisfè bezwen aktyèl ak pwochen yo, epi idantifye opòtinite pou amelyore trafik operasyon yo, tan vwayaj, ak sekirite. Yo pral idantifye kòz orijin anboutejay yo atravè analiz trafik aktyèl ak sa yo prevwa yo.

Ki rezulta Etid PEL la pral ye?


Rezulta a se pral yon rapò ki dekri yon vizyon pou domèn etid la epi ki bay rekòmandasyon pou solisyon yo. Solisyon sa yo pral gen ladan yo amelyorasyon akoutèm (1-5 lane) osi byen ke mwayen tèm (5-15 lane), ak amelyorasyon alontèm (15+ lane). Rapò a pral konsidere kominote lokal yo ak lòt devlopman, plan konsèvasyon lokal yo, plan devlopman yo, epi opinyon publik ak ajans yo.

Kalandriye Pwojè a





I-95 nan Stamford



I-95 nan Stamford se youn nan wout ki pi frekante nan eta a epi li transpòte apeprè 120,000 machin pa jou pou antre, soti epi atravè vil la. Echanj wout 7 ak 8 toulède bay aksè nan Santvil la epi ranp yo pote gwo kantite moun pou ale ak soti nan otowout la. Anplis trafik machin ak kamyon, itilizatè tren yo (Metro-North Railroad ak Amtrak), bis, bisiklèt ak pyeton yo tout yo itilize zòn nan chak jou.

Domèn etid la gen ladan I-95 apati West Avenue (Sòti 6), zòn Stamford Transprtation Center (Sòti 7), zòn Canal Street/Elm Street (Sòti 8), pon I-95 anlè Metro-North Railroad ak Myrtle Avenue, Zòn U.S. Rte. 106/Seaside Avenue (Sòti 9), ak divès wout devyasyon (pa egzanp, U.S. Rte. 1, wout lokal yo, elatriye).

Patisipe!

Vizite i95stamford.com pou chèche konnen kijan ou ka patisipe nan reyinyon yo, patisipe nan aktívite yo, enski pou resevwa alèt sou pwojè a epi patisipe nan pwojè a.



Jonathan Dean, PE
Manadje Pwojè
Jonathan.Dean@ct.gov



860-594-3211

